



**PWOSÈ VÈBAL REYINYON ADISTANS KOMITE LEKÒL BOSTON
(BOSTON SCHOOL COMMITTEE)**

17/11/2021

Komite Lekòl Boston te fè yon reyinyon adistans nan dat 17 Novanm 2021 an a 04:30 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, imèl feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manb Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael O'Neill; Doktè Hardin Coleman; Ernani DeAraujo; Quoc Tran; ak Reprezantan Elèv yo Xyra Mercer.

Manb Komite Lekòl ki Absan yo: Pa t genyen.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Ajenda

Pwosè Vèabal yo: Reyinyon Komite Lekòl 3 Novanm 2021

Konvansyon Negosyasyon Kolektif Pwovizwa ant Komite Lekòl Boston nan ak Administrative Guild, SEIU Local 888

Mizajou Mizannèv Politik Remiz Diplòm MassCore PowerPoint

Deklarasyon Enpak sou Ekite Mizajou MassCore (te resevwa 23 Novanm 2021)

Done Envitasyon Estimile pa Lekòl Egzamen Lekòl pa Lekòl BPS

RAPLE A LÒD

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman angajman. Madam Sullivan te fè apèl. Tout manm yo te prezan, avèk eksepsyon Madam Mercer, ki te vin jwenn reyinyon an pandan Rapò Sirentandan.

REPÒTE NAN SEYANS EGZEKITIF LA

Apwouve- Pa rapèl nominal, Komite a te vote nan inanimite pou repòte ak yon seyans egzekitif nan objektif pou mennen yon seyans estrateji ki lye ak negosyasyon kolektif avèk .
Administrative Guild, SEIU Local 888, ak United Steelworkers of America, Local 8751 (Chofè Bis Lekòl yo)

Madam Robinson te anonse ke Komite a ta retounen nan seyans lan 5 p.m.

RETOUNEN NAN SEYANS PIBLIK LA

Komite a te retounen nan seyans piblik la nan apwoksimativman 5:20 p.m. Madam Robinson te esplike ke Komite a te fèk retounen sot nan yon seyans egzekitif nan objektif pou mennen yon seyans estrateji ki lye ak negosyasyon kolektif avèk Administrative Guild, SEIU Local 888, ak United Steelworkers of America, Local 8751 (Chofè Bis Lekòl yo).

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epi li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Nou pral poste sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou Youtube. Li te anonse ke genyen sèvis entèpretasyon ki disponib pandan reyinyon an nan lang espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap vèdeyen, Vyètnamyen, Kantonè, Mandaren, ak Lang Siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo te prezante yo epi yo te bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou yon moun jwenn entèpretasyon pandan reyinyon an ap fèt la nan chanje chanèl zoom lan. Dokiman reyinyon tradui yo te pibliye nan www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee avan kòmansman reyinyon an.

Madam Robinson te remake manda Lorena Lopera ak Rafaela Polanco Garcia te kowenside avèk manda majistra pa Enterim nan, Mayor Kim Janey, epi donk te pran fen ofisyèlman ayè. Komite Nominasyon Lekòl yo ap dirije aktyèlman yon pwosesis piblik pou konble pòs pa yo, ki pral chwazi finalman pa Majistra Michelle Wu. Madam Robinson te remèsye Madam Lopera ak Madam Polanco Garcia pou sèvis pa yo ak kontribisyon yo ak Komite a.

APWOBASYON PWOSÈ VÈBAL REYINYON AN

Apwouve – Pandan apèl la, Komite a ansanm te apwouve pwosè vèbal reyinyon 3 Novanm 2021 yo.

RAPÒ SIRENTANDAN AN

Lè yo te fin prè nèt pou yo kòmanse.

Mèsi, Madam Prezidan, epi mèsi dèske ou rejwenn nou aswè a. Genyen [twa mizajou prensipal](#) mwen pral kouvri aswè a: Yon mizajou sou similasyon yo nan kad nouvèl politik admisyon lekòl egzamen yo, travay nou te fè pou egzamine tout opsyon pou ekspansyon K- 6 yo, ak plan rantrè

pou lekòl Curley. Menm jan ak divès pwotokòl sante adisyonèl, sekirite ak kominikasyon, nou ap mete an èv pandan n ap kontinye navige nan Covid nan kominote nou an ak kèk mizajou pi kout.

Avan mwen jwenn sijè sa yo, mwen dwe pran yon moman pou rekonèt jounen istorik nou tout te temwen pandan Vil Boston nan t ap akeyi nouvo majistra nou an, Michelle Wu. Mwen te gen lonè pou asiste seremoni prestasyon sèman nan Meri a avèk rès kabinè a - se te yon jounen emouvant lè Majistra Wu te prete sèman. Antan ke yon fanm moun koulè, manman nan BPS, epi t ap defann pandan lontan tout timoun yo, mwen konnen Majistra Wu pral yon patnè eksepsyonèl ak yon chanpyon pou Lekòl Piblik Boston yo. Mwen te vle tou pou eksprime piblikman ankò pwofonn gratitud mwen pou lidèchip istorik Majistra Janey, ki pral toujou yon zanmi. Mwen prese pou asosye avèk li pandan l ap franchi pwochèt etap nan jounen an epi mwen konnen nou kapab konte sou pledwaye pwofon li pou elèv nou yo.

Pandan m kòmanse rapò mwen aswè a, mwen pral ajoute kèk kontèks ak mizajou nan kèk sijè ki te gaye nan medya yo. De semèn pase, jodi a pandan nou te kòmanse dènye reyinyon Komite Lekòl nou an, mwen te resevwa yon apèl jis avan mwen te kòmanse ke Direktè nan Handerson nan te rive agrese pa yon elèv. Ekip mwen an te reponn rapidman pou asire direktè a, elèv yo ak kominote lekòl la te jwenn sipò e labri tout menas adisyonèl ki pèsevwa. Mwen rekonesan enkwayableman pou aksyon rapid yo pandan ke nou te travay ansanm pandan semèn swivan pou restore yon santiman sekirite ak lapè. Nan landemen ak pandan plizyè jou depi lè sa, mwen te pèsònèlman rankontre anseyan, pèsònèl la ak elèv la pou tande preyokipasyon yo epi mete an èv divès solisyon an komen. Mwen te kontinye tou pou siveye mizannè plan sekirite ak anviwònman aprantisaj la.

Pandan nou te retounen lekòl soti nan pandemi sa, nou te wè anpil defi nan aprantisaj an pèsòn, tankou pwoblèm apwovizyonman ak peniri mendèv. Direktè nou yo souvan nan premye liy defi operasyonèl difisil defi sa yo epi mwen te rèmèsye yo grandman. Epi men konnen fanmi yo ak elèv yo retounen nan yon aprantisaj an pèsòn ki gen eksperyans yon pandemi global ak efè twomatizan sou sa. Nou te gen plizyè ensidan elèv ak paran ki te deregile ak bezwen sipò sinyifikatif, konsiltasyon ak re-oryantasyon. Mwen ak Ekip konsiltasyon nou an ak Operasyonèl pèsònèlman angaje nan sipòte plizyè lidè lekòl yo nan sistèm nan pou rezoud pwoblèm, aplike kòd konduit nou an epi entèveni avèk sipò adisyonèl yo nesèsè. E menm si globalman depi nan kòmansman ane a, nou te wè yon diminisyon nan ensidan pa rapò ak dènye premye trimès nòmal aprantisaj an-pèsòn nou an nan 2019, nou te gen plizyè lekòl nan distri a ki te gen ensidan ak elèv ki bezwen sipò sinyifikatif pou destabilize kominote a epi founi sipò nesèsè pou restore anviwònman aprantisaj la. Ankò, mwen vle rèmèsye edikatè nou yo ak chèf etablisman nou yo ak ekip konsiltasyon biwo santral nou yo pou pasyans yo ak gras yo pandan n ap travay ansanm pou fè fas ak twomatism twòp pami elèv nou yo ap viv.

Mwen kontan komite lekòl la, Majistra ak Konsèy Vil la te gen klèwayans pou soutni bigjè kote nou te patisipe pou ogmantasyon bezwen yon apwòch ki pran an kont twomatism avèk divès investiman nan divès resous tankou liyezon fanmi, travayè sosyal yo, konseye yo ak lòt manm pèsònèl soutyen an pou ede lòt manm nou yo ak fanmi yo atravè peryòd difisil gerizon ak retablisman sa. Nou te ogmante tou pèsònèl sipò, epi pral kontinye travay avèk Ekip Kriz BPS la, Sèvis Sekirite BPS yo, Depatman Polis Boston ak lòt patnè kominote yo pou garanti nou ap favorize anviwònman aprantisaj san danje, akeyan, enklizif ak ki afime divès anviwònman

aprantisaj kote tout elèv nou yo kapab pwospere. Mwen pa ka tann pou travay avèk Majistra Wu pandan ke li anvizaje pou refòme lapolis ak garanti sekirite batiman nou yo ak kominote imedyà a. Jan ou konn sa, BPS nan dènye etap mizajou Kòd Konduit nou an epi mwen prese pou fè adopte politik sa epi mete li an èv yon jan nou kapab klè sou atant nou yo epi etabli divès wol ak responsabilite klè pou tout pèsònèl yo k ap travay nan lekòl nou yo.

Dènye Mèkredi a, BPS, an kolaborasyon avèk Komisyon Sante Piblik Boston nan, pran desizyon difisil pou sispann tanporèman aprantisaj an pèsòn nan Curley K-8 School nan Jamaica Plain akòz de yon ogmantasyon rapid divès ka pozitif COVID-19 pami elèv yo. Pwopagasyon an pwodui nan 21 sal klas epi plis pase 500 tès rapid pa jou te rive reyalize sou divès kontak pwòch pou ede kanpe pwopagasyon an. Komisyon Sante Piblik Boston te konseye nou pou fèmen Curley K-8 School pou aprantisaj nan lekòl la k ap kòmanse 10 Novanm, avèk yon dat re-ouvèti fikse nan lendi 22 Novanm. Desizyon sa te pran an patenarya etwa avèk responsab sante piblik yo, ki plase sante ak sekirite elèv ak pèsònèl nou yo nan Curley School an premye ak pou kanpe imedyatman pwopagasyon an, bay tan pou ajoute efektif yo pou mete plènman an èv tès la epi rete ak pwogram swivi kontak, egzamine pwotokòl nou yo, epi pwosede ak yon netwayaj konplè e ak yon egzamen enstalasyon an. Ekip akademik distri a, an kolaborasyon avèk pwofesè ak pèsònèl Curley yo, te rapidman adopte yon plan aprantisaj adistans ki te pèmèt pouswit aprantisaj yo a. Mwen te tandè nan bouch paran yo li te ekselan epi nou tout fyè pou pwofesè nou yo. Elèv lekòl Curley yo, ak tout elèv BPS yo, gen aksè ak Papyè, yon platfòm titora anliy pou pèmèt elèv yo ak pwofesè yo aksede ak resous ak sipò akademik yo. Pwogram sa disponib pou tout elèv BPS yo. Nou te òganize tou aksè ak manje avèk Depatman Sèvis Alimantasyon yo, yon jan pou elèv nou yo vin gen aksè ak repa nitritif yo. Sèvis enstalasyon te fini yon asenisman COVID-19 total batiman lekòl Curley yon fwa sa vin fèmen. Li enpòtan pou remake sa paske distri a ap swiv gid sante piblik la pou mete an karantèn tout kominote lekòl la pandan 10 jou, yo p ap rekòmande okenn tès pandan admisyon an nan batiman lekòl la lendi. Mwen konnen sa se te yon tan esè pou Kominote Curley School la, men yo te mobilize epi nou fyè pou yo.

Li enpòtan pou note ke, byen ke aksan te rive mete sou pandemi yo nan kèk nan lekòl nou yo, kantite total ka sinyale nan distri nou an ekstrèmman fèb; sa vle di, sistèm prevansyon ak atenyasyon nou yo fonksyone. An mwayèn, depi rantre lekòl la, nou te wè anviwon 12 ka pozitif sinyale pa jou. Sepandan, livè a ap pwoche rapidman. Nou te kòmanse regwoupe paske elèv nou yo pral deplase anndan pou manje midi pou asire tout moun ap adere a pwosedi nou yo ak efò atenyasyon nou yo. Nou te aprann apati de sitiyasyon sa epi nou pral asire pou lekòl nou yo dispoze kantite pèsònèl apwopriye pou jere sitiyasyon pwopagasyon rapid yo nan yon ti tan tou kout. Nou pral mete an plas nouvo gid avèk BPHC. Plis enfòmasyon ap vini sou sa byento.

Yon leson nou te aprann pandan dènye semèn yo an patikilye se pouvwa ak nesosite yon kominikasyon rapid ak transparan avèk fanmi nou yo. An konsekans, nou te adopte chanjman swivan yo nan pwotokòl kominikasyon nou an pou enfòm fanmi yo lè gen yon ka pozitif COVID-19 ki an atant nan klas elèv yo a oubyen nan ansanm kominote lekòl la: Fanmi yo pral resevwa kounye a yon remak nan men chèf etablisman yo lè yon ka pozitif oubyen gwoup rive idantifye nan lekòl yo a. Direktiv avan yo te konseye yon Chèf Etablisman pou notifiye kominote lekòl la aprè swivi kontak la te fin fèt. Premye avi ki voye bay fanmi yo pral enfòm fanmi yo sou ka pozitif la, lè swivi kontak la pral fèt, epi raple fanmi yo pou kontinye swiv tout pwotokòl sante ak sekirite yo epi pou pa voye okenn elèv malad lekòl. Yon dezyèm avi pou fanmi yo pral fè swivi yon fwa yon fwa swiv kontak la fin fèt. BPS angaje li pou bay priyorite ak

sansibilizasyon fanmi nou yo lè yon ka pozitif rive idantifye, toutan y ap dirije epi mete an èv divès estrateji prevansyon ak atenyasyon COVID-19. Pa egzanp, lendi 15 Novanm ki sot pase a, nou te òganize yon seyans enfòmasyon sou Covid-19 "Ask a Doctor" pou timoun 5 an yo ak plis an patenarya avèk Komisyon Sante Piblik Boston nan ak Sant Medikal Boston nan (Boston Public Health Commission and Boston Medical Center). Avan m ale pi lwen, mwen vle remèsye BPHC ak direktрис jeneral li a Doktè Bisola Ojikutu, pou patenarya ou an ak konsèy ou yo nan kesyon sante piblik pandan tout sitiyasyon sa avèk Curley School ak pandemi sa.

Kolèg mwen yo ak patnè mwen yo ki soti nan Boston Public Health Commission pral vin jwenn mwen, Doktè Lo, BPHC Direktè Medikal ak Doktè Sanchez, Direktрис Biwo Maladi Enfektyez yo (Bureau of Infections Diseases) ki pral bay plis enfòmasyon sou estrateji prevansyon ak atenyasyon COVID-19, miz an-èy nan katye a ak nan tout Vil la.

[Dr. Lo ak Dr. Sanchez te prezante yon mizajou sou COVID.]

Yo pral kontinye kominike souvan mizajou sou pwosesis yo ak Chèf Etablisman yo, Enfimyè yo ak Paran yo. Divès reyinyon an kou avèk Ekip Sante CIC a pral amelyore ak ogmante nòmalizasyon pwosesis tès yo, ajoute pèsònèl pou reponn ak atant tès yo pou tout elèv ak pèsònèl BPS ki konsanti yo. Pwotokòl Test and Stay yo te lanse sou baz gwoup pozitif ak ka pozitif yo ki gen yon enpak sou kominote lekòl la, ogmante chaj sou kapasite rechèch kontak yo

- Aksan kontinye sou vaksen COVID-19, Itilizasyon Kachnen ak Tès Depistaj
- Reyinyon ankou avèk HealthCareIT pou amelyore pèfòmans rechèch kontak la
- Ogmantasyon bezwen rechèch kontak akoz de konpleksite tès gwoup aktyèl yo e ak pwotokòl Test and Stay yo.

Sijè sa se yon pafèt entwodiksyon ak youn nan estrateji COVID-19 nou yo ki pi efikas: epi sa se pran vaksen. Sa te tèlman pasyonan pou genyen kèk nan aprenan ki pi jèn nou yo ki aje ant 5-11 an ki pran vaksen pandan de dènye semèn yo. Nou ap kontinye travay avèk patnè nou yo nan Boston Public Health Commission pou asire elèv nou yo ak fanmi nou yo santi yo an sekirite, enfòmne ak jwenn aksè fasil ak vaksen yo. An patenarya avèk BPHC, Vil Boston nan ak lòt òganizasyon tankou Boston Medical Center (Sant Medikal Boston nan), Brigham ak Women's Hospital (Lopital Fanm) ak Mass General Hospital, nou ap òganize plizyè klinik vaksen nan Novanm ak Desanm. Dat, lokal ak lè yo kapab jwenn sou sitwèb BPS la nan BostonPublicSchools.org/Vaccines. Nou pral kontinye ajoute nan lis la divès klinik disponib pou asire tout elèv nou yo ak fanmi nou yo jwenn opòtinite pou pran vaksen pou ede kenbe kominote nou an sekirite. BPS ap travay tou pou planifye yon jounen divètisman famiyal BPS pandan nouvèl ane a, ki pral gen ladan l tou distribisyon vaksen pou sila yo ki enterese pou resevwa youn. Tanpri kenbe je nou yo ouvri pou kominikasyon distri yo k ap bay plis detay sou seyans enfòmasyon ak klinik vaksen yo, ak pou pwomouvwa evènman k ap vini yo.

Kounye a, nou pral kòmanse opsyon mizajou a pou rapò mwen an. Wikenn sa, Boston Globe te pibliye yon atik sou mank sèvis pou elèv nou yo k ap aprann anglè kòm dezyèm lang. Atik sa afime ke imigran nou yo ak lòt elèv k ap aprann anglè yo pa t resevwa bon kou yo oubyen pa t rive plase bò kote yon pwofesè sètifye pandan sifizamman tan, nan to ki pi elve depi plizyè ane.

Atik la refere ak chanjman aprantisaj adistans pandan pandemi an ak divès chanjman rekiran nan Lidèchip nan Biwo Aprenan Anglè yo kòm sentom sèvis retade.

Mwen ta renmen pote limyè sou kèk defi distri a te rankontre nan rapòte sèvis yo te rann yo ak elèv Aprenan Anglè nou yo -- se pa antan ke yon eskiz -- men pou bay yon kontèks. An pati, akòz de mank pèsònèl yo, te genyen yon eka nan antre done yo pou reflekte divès sèvis elèv nou yo ap resevwa vrèman. Biwo Aprenan Anglè yo ap travay aktivman avèk chak lekòl pou ede avèk koleksyon done yo epi mete ajou sistèm nou yo avèk enfòmasyon kritik sa yo. Biwo Kapital Imen an pral kontinye abòde mank pèsònèl ankou yo nan travay pou ranpli plas vid yo. Baze sou mizajou inisyal rapò yo, done yo gen tandans pou ogmante yon jan sinyifikatif pou montre ke elèv aprenan anglè nou yon ap resevwa an reyalite sèvis esansyèl yo pou reyisit edikatif yo. Ofiramezi antre done sa yo ap ajou ak avan pwochèn soumasyon nou an Desanm, nou pral pataje rezilta nou yo nan reyinyon Gwoup Entèvansyon Aprenan Anglè piblik k ap vini yo epi mwen pral bay yon mizajou pou komite lekòl la nan yon reyinyon k ap vini. Mwen konfyan ekip la, an patenarya avèk chèf etablisman lekòl nou yo, pral netwaye antre done yo epi asire elèv nou yo ap jwenn sèvis apwopriye ki pou yo.

Nan dènye reyinyon Komite Lekòl la, yo te mande mwen pou rapòte lòt done similasyon sou nouvo politik admasyon nan lekòl egzamen nou yo. Pi presizeman, manm yo te poze m kesyon sou preyokipasyon fanmi yo te ekspriye sou lefètke kèk lekòl pa t bay okenn chans pou jwenn yon plas nan youn nan twa lekòl egzamen nou yo. Mwen kontan pou anonse ke similasyon nou yo konfime ke se pa vrè. Tout lekòl nou yo gen opòtinite pou elèv yo resevwa yon envitasyon pou yon lekòl egzamen BPS.

Kòm nou tout gen pou sonje sa, objektif nou lè nou te adopte nouvo politik sou admasyon nan lekòl egzamen nou yo an Jiyè se te pou ogmante yon jan sinyifikatif aksè ak twa lekòl egzamen nou yo tankou pou "rigè te rive kenbe epi pou kò elèv la te reflekte pi byen divèsite rasyal, sosyo-ekonomik, ak jewografik tout elèv nou yo... nan vil Boston." Politik la te konsevwa pou asire reprezantasyon divès apati de lekòl, katye, ak popilasyon elèv Boston yo, nan objektif iltim pou wè enskripsyon yo nan lekòl egzamen yo reflekte yon jan pi etwat enskripsyon global nou an. Yo te swanyezman elabore politik la pandan plizyè mwa ak èdtan reyinyon piblik -- epi nou te tandè pandan plizyè èdtan anplis anpil temwanyaj pasyone an favè nouvèl politik la, konsa tou nan bouch sila yo ki te panse sa pa t avantire ase lwen pou atenn ekite. Komite sa te tandè nan bouch manm kominote a ki te ekspriye dout yo ke politik la pral atenn ekite epi sa pral kreye anplis divès konsekans moun pa t prevwa pou elèv yo nan ansanm lekòl yo espesifik.

[Done envitasyon lekòl BPS la simile](#) montre ke, anba politik apwouve a, envitasyon nan lekòl egzamen yo distribye nan lekòl BPS yo epi yo plis pwopòsyonèl ak enskripsyon elèv yo pa lekòl.

Yon lòt fwa ankò, mwen vle ramne nou nan chaj gwoup entèvansyon an pou konsève rigè epi asire kò elèv la ap pi byen reflekte divèsite rasyal, sosyo-ekonomik, ak jewografik tout elèv yo. Politik la te ajoute tou divès pwèn pou divès popilasyon elèv espesifik ki genyen ladan yo

- 10 Pwen pou lekòl yo avèk 40% oubyen plis povrete, sa se pou rekonèt efè kimilatif ke frekantasyon yon lekòl ki gen fòt konsantrasyon povrete gen sou reyisit global elèv yo

- 15 Pwen pou elèv sanzabri yo, nan swen DCF, ak/oubyen rezide nan lojman BHA pou rekonèt efè alontèm to elve mobilite, enstabilite lojman, ak sanzabri sou opòtinite pou elèv ki aksede sistematikman nan ansèyman ak aprantisaj e ak sèvis soutyen nan lekòl yo

Dyapozitif sa montre ke kèk done nou te pataje nan yon reyinyon komite lekòl la avan, avèk yon kolòn adisyonèl nan ekstrèm dwat ki montre envitasyon simile nan kad faz 1 politik ki apwouve a kote se sèl nòt/GPA ki pral itilize pou detèmine envitasyon yo. Li montre objektif entansyon politik la pou atenn plis divèsite rasyal ak sosyo-ekonomik nan twa lekòl egzamen yo.

Dyapozitif sa montre kèk done nou te pataje avan sa, ankò avèk menm adisyon yon kolòn nan ekstrèm dwat la ki montre done envitasyon simile kote se sèlman nòt/GPA ki itilize pou detèmine envitasyon yo. Done sa yo montre objektif entansyon politik la pou atenn plis divèsite jewografik nan lekòl egzamen yo

Jan mwen te di l la ak kòm se te manda Gwoup Entèkansyon an, ekite te nan sant chanjman ki te adopte. Jan nou kapab wè sa isit nan kad ansyèn politik la, yon total 7 lekòl te resevwa yon total 47% envitasyon pou elèv BPS yo, pandan li reprezante sèlman 19% enskripsyon elèv BPS 6èm ane.

Sa se egalman yon dyapozitif nou te wè avan ki montre elèv ki frekante yon lekòl avèk mwens pase 40% povrete ki reprezante 17% enskripsyon nan 6èm ane nan tout Vil la ak 20% envitasyon simile yo. Elèv ki frekante yon lekòl avèk 40% oubyen pi plis povrete reprezante 83% enskripsyon nan 6èm ane ak 80% envitasyon yo. Sa montre ke menm avèk chanjman ki adopte yo ak ajisteman ki prevwa nan admisyon yo, elèv nan tout lekòl yo pral gen posibilite pou frekante yon lekòl egzamen.

Sou dyapozitif sa, nou pral wè nou te lye Done Envitasyon Simile nan Lekòl BPS mwen te pataje avèk nou tout epi yo te pibliye yo sou sitwèb nou an pou tout moun kapab wè done envitasyon simile pa lekòl la. Mwen te vle jis note ke done yo siprime pou lekòl ki gen mwens pase 5 kandida oubyen envitasyon pou pwoteje vi prive elèv yo. Konsa tou, si yon lekòl pa gen envitasyon, se paske yo pa t genyen okenn elèv ki te aplike oubyen sa yo ki te aplike pa t fè mwayèn oubyen nòt pou tès pou yo kalifye. Similasyon an egzekite avèk alafwa nòt ak egzamen ak nòt yo sèlman. Analiz lekòl pa lekòl sa montre anba politik ki apwouve a, envitasyon nan lekòl egzamen yo distribiye nan lekòl BPS yo pi ekitab nan lekòl BPS yo epi yo plis pwopòsyonèl ak enskripsyon elèv yo pa lekòl. Menm avèk chanjman simile yo nan modèl admisyon yo, chak lekòl toujou gen yon opòtinite pou envitasyon yo. Nou te pibliye tout enfòmasyon sa sou sitwèb nou an pou referans. Finalman, nou te pibliye egalman yon kat enteraktif sou sitwèb nou an kote nou kapab antre adrès lakay nou epi jwenn nivo nou baze sou nouvo sistèm admisyon yo.

Depi dènye reyinyon an, ekip BuildBPS la te mennen vizit gide adisyonèl avèk fanmi yo ak pèsònèl lekòl Mendell, Sumner ak Blackstone pou wè si nou kapab jenere divès solisyon kreyatif pou espas sa yo. Etap adisyonèl sa yo te rive pran an repons ak dyalòg ki ankou avèk kominote lekòl yo ki eksprime yon dezi fò pou kòmanse ekspansyon an 6èm ane dèke posib.

**Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan
Zoom
17 Novanm 2021**

Nou te òganize tou yon reyinyon kominotè avèk fanmi Mendell ak Blackstone yo pou pataje divès opsyon potansyèl pou pwochen ane lekòl la. Adisyonèlman, nou gen yon reyinyon ki pwograme avèk kominote Sumner a demen swa 18 Novanm.

Anplis de vizit gide avèk fanmi yo, nou ap pale tou avèk patnè nou yo nan Vil la pou evalye si wi oubyen non lòt batiman oubyen lòt espas nan sant kominote yo ap disponib pou itilize, menm yon fason tanporè.

Nou pral kontinye eksplòre tout granri yo epi tande kominote nou an oframezi y ap pwopoze divès ide pou nou kapab idantifye ansanm pi bon solisyon ak pi bon kalandriye.

Akoz de travay sa ki ankou, mwen te mande pou Komite a rapòte desizyon sou fèmte twa lekòl entèmedyè yo jan yo te planifye sa pou aswè a nan reyinyon 1ye Desanm nou an.

Nou gen espwa sou diferan opòtinite epi nou pral konnen plis nan jou k ap vini yo sou sa ki posib oubyen pa posib. Nou pral pataje plis mizajou avèk nou. Mwen prese pou kontinye angajman avèk elèv yo, fanmi yo, ak pèsònèl la, ak pou prezante yon rekòmandasyon final ak komite a nan kèk semèn.

Pou fini, avan mwen fini rapò Sirentandan mwen an pou sware a, mwen vle pou raple chak moun ke pwochen mèkredi 24 Novanm se yon demi jounen pou tout Lekòl Piblik Boston yo. Biwo Lekòl yo ak BPS pral fèmen egalman nan Madi 25 Novanm ak Vandredi 26 Novanm nan obsèvan jounen Thanksgiving lan. Mwen swete nou tout pase yon Thanksgiving sen e sof ak mèveye. Tanpri pran tan sa pou repoze, epi pase moman plezi avèk fanmi nou, zanmi nou, ak pwòch nou yo pandan n ap konsidere kilès ak kisa nou rekonesan anvè li. Mwen vrèman rekonesan pou sipò ak patenarya kontini tout kominote BPS la an antye epi mwen damou jan nou fè patenarya. Malgre tout chans ak obstak yo, nou pi byen lè nou ansanm.

Antanke Sirentandan, sa a se Rapò m pou aswè a.

Mesye DeAraujo te evoke eksperyans pèsònèl li dèske li te temwen vyolans lè li te elèv epi te pale sou enpòtans sipò ak twomatism. Li te di ke antan ke ko-prezidan Gwoup Entèkansyon Aprenan Lang Anglè yo (English Language Learners, ELL), li rekonèt genyen travay ki pou fèt pou sipòte aprenan Anglè yo. Li te mete anfas sou enpòtans pou itilize fon ESSER yo pou sipòte ELL yo. Li te mande yon mizajou sou enpak investisman ESSER yo nan distri a.

Doktè Coleman te afime epi te sipòte desizyon Sirentandan pou fèmen Curley K-8 School pou 10 jou ak pou pase nan aprantisaj adistans akòz de COVID. Li te pale sou enpòtans pou founi elèv yo sipò emosyonèl sosyal kòm fè pati retablisman pandemi an.

Mesye O'Neill te note distri lekòl yo nan tout peyi a ap fè fas ak pwoblèm sante mantal ak konpòtman nan lekòl yo. Li te remèsye Gwoup Entèkansyon ELL la pou lèt reflechi yo te voye bay Sirentandan konsènan sèvis apwopriye ak opòten yo pou EL yo. Li te felisite Sirentandan ak ekip li a poutèt yo te ajiste pwotokòl ak kominikasyon sou Covid aprè ansèyman yo tire sou nouvo evènman yo. Li te deklare li prese pou rewè similasyon admisyon nan lekòl egzamen yo.

Doktè Lo te klarifye definisyon yon kontak pwòch. Nan kominote a, yon kontak pwòch se yon moun ki nan espas sis pye pou plis pase 15 minit nan yon peryòd tan, gen mask oubyen pa gen mask. Nan lekòl yo, si ou plis pase twa pye lwen avèk mask, yo p ap konsidere ou kòm yon kontak pwòch.

Mesye Tran te ekspri sipò li pou politik admisyon nan lekòl egzamen aktyèl yo.

Madam Mercer te remèsye distri a poutèt li te bay sipò nan Henderson Inclusion School, kote li frekante a.

Madam Robison te mande pou plis detay sou defi aktyèl yo nan kesyon dotasyon an pèsònèl distri a. Sirentandan te esplike defi pèsònèl yo ap poze divès defi sinyifikatif pou kominote lekòl yo. Pòs vakan ki egziste ki konbine avèk divès anplwaye ki dwe antre an karantèn, konje matènite, menm jan ak mank ranplasan ak parapwofesyonèl k ap poze divès pwoblèm. Genyen yon mank travayè nan nitrisyon alimantè, chofè bis ak siveyan bis. Peniri nan chèn apwovizyonman yo egalman rive akòz de divès pètibasyon. Pou abòde peniri pèsònèl sa yo, distri a mande ak retirete yo pou travay nan lè adisyonèl konfòmman ak nouvel reglemantasyon eta a. BPS ap travay tou avèk kominote konfesyonèl la pou ranpli pòs vid yo epi òganize yon salon rekritman 20 Novanm nan Bolling Building. Sirentandan te deklare li te prevwa travay avèk Majistra Wu otou de egzijans rezidans yo, ki kapab konstitiye yon obstak pou anplwaye orè yo.

Mesye DeAraujo te pale sou enpòtans manm Komite pou resevwa enfòmasyon nan tan opòten distri a. Li te di li preyokipe konsènan investisman distri yo nan klas 4èm-6èm pou prepare elèv yo pou egzamen admisyon nan lekòl egzamen an. Li te di li preyokipe konsènan konsekans ki pa t prevwa yo mam 10 pwen bonis aktyèlman akòde ak elèv ki frekante lekòl ak povrete elve yo, ki site kòm yon egzanp Alighieri Montessori School nan East Boston ki tonbe anba sèy povrete 40%. Li te sigjere ke 10 pwen bonis yo pa nesesè ane sa lè yo p ap ofri yon egzamen antre Li mande ak Prezidan pou ajoute yon eleman ajanda nan pwochè reyinyon Komite Lekòl la yon jan pou Komite a kapab diskite si pou yo modifye 10 pwen yo.

Apwouve – Pa apèl, Komite a ansanm te apwouve Rapò Sirentanda an.

KÒMANTE PIBLIK LA AN JENERAL

- Benjamin Balderston, rezidan nan East Boston, elèv nan Alighieri Montessori School, te temwanye an favè pou retire pwen bonis 10-pwen an pou elèv ki frekante lekòl povrete elve ki fè pati politik admisyon nan lekòl egzamen yo.
- Megan Balderston, rezidan nan East Boston, paran nan Alighieri Montessori School, te temwanye an favè pou retire pwen bonis 10-pwen an pou elèv ki frekante lekòl povrete elve ki fè pati politik admisyon nan lekòl egzamen yo.
- Miles Machado, rezidan nan East Boston, elèv nan Alighieri Montessori School, te temwanye an favè pou retire pwen bonis 10-pwen an pou elèv ki frekante lekòl povrete elve ki fè pati politik admisyon nan lekòl egzamen yo.

- Brooke Machado, rezidan nan East Boston, paran nan Alighieri Montessori School, te temwanye an favè pou retire pwen bonis 10-pwen an pou elèv ki frekante lekòl povrete elve ki fè pati politik admisyon nan lekòl egzamen yo.
- Christina Castrillon, rezidan nan East Boston, paran nan Alighieri Montessori School, te temwanye an favè pou retire pwen bonis 10-pwen an pou elèv ki frekante lekòl povrete elve ki fè pati politik admisyon nan lekòl egzamen yo.
- Maria Mejia, rezidan nan Roxbury, paran nan Blackstone Elementary School, te temwanye an favè pou ajoute yon sizyèm ane nan lekòl la.
- Danilza Martinez, rezidan nan Roxbury, paran nan Blackstone Elementary School, te temwanye an favè pou ajoute yon sizyèm ane nan lekòl la.
- Iris Diaz, rezidan nan South Boston, paran nan Blackstone Elementary School, te temwanye an favè pou ajoute yon sizyèm ane nan lekòl la.
- Marliny Cardoso, rezidan nan South End, paran nan Blackstone Elementary School, te temwanye an favè pou ajoute yon sizyèm ane nan lekòl la.
- Edith Bazile, rezidan nan Dorchester, avokat, te temwanye konsènan kliman lekòl la
- Ruby Reyes, rezidan nan Dorchester, Direktris Egzekitif Boston Education Justice Alliance (BEJA), te temwanye konsènan ekite.
- Andrew Iliff, rezidan nan Jamaica Plain, paran nan Mission Hill K-8 School ak nan Boston Latin Academy, te temwanye konsènan gouvènans lan.
- Lauren O'Malley Singh, rezidan nan Hyde Park, enfimyè ak paran nan BPS, te temwanye konsènan tès ak sekirite COVID yo.
- Mike Heichman, rezidan nan Dorchester, manm BEJA, te temwanye konsènan yon varyete pwoblèm edikatif.
- Marcella Medina-Madrid, rezidan nan East Boston, paran nan Alighieri Montessori School, te temwanye an favè pou retire pwen bonis 10-pwen an pou elèv ki frekante lekòl povrete elve ki fè pati politik admisyon nan lekòl egzamen yo.
- Courtney Feeley Karp, rezidan nan Roslindale, paran nan Henderson Inclusion School, te temwanye konsènan sèvis ak pèsònèl sante mantal yo.
- Heather Kros, rezidan nan East Boston, paran nan Alighieri Montessori School, te temwanye an favè pou retire pwen bonis 10-pwen an pou elèv ki frekante lekòl povrete elve ki fè pati politik admisyon nan lekòl egzamen yo.
- Rachel Young, rezidan nan Roslindale, paran nan Blackstone Elementary School, te temwanye an favè pou ajoute yon 6èm ane nan lekòl la.
- Shery Keleher, rezidan nan Charlestown, paran nan BPS, te temwanye konsènan sante ak sekirite COVID ak admisyon nan lekòl egzamen yo.
- Lauren Peter, rezidan nan Roslindale, paran nan Sumner Elementary School, te temwanye an favè pou ajoute yon 6èm ane nan lekòl la.
- Alan Tian, rezidan nan West Roxbury, paran, te temwanye konsènan similasyon admisyon nan lekòl egzamen yo.
- Johanna Fitzmaurice, rezidan nan East Boston, paran nan Alighieri Montessori School, te temwanye an favè pou retire pwen bonis 10-pwen an pou elèv ki frekante lekòl povrete elve ki fè pati politik admisyon nan lekòl egzamen yo.
- Suleika Soto, rezidan nan South End, paran nan Blackstone Elementary School, te temwanye an favè pou founi divès opsyon 6èm ane nan lekòl Blackstone, Mendell ak Sumner yo.
- Lon Drucker, rezidan nan Jamaica Plain, paran nan Mission Hill K-8 School, te temwanye konsènan sante ak sekirite COVID.

- Minerva Casillas, rezidan Roxbury, paran nan Hurley K-8, te temwanye an favè pou ajoute yon klas 6èm ane nan Blackstone Elementary School.
- Bill Barrar, rezidan nan Roslindale, paran nan Sumner Elementary School, te temwanye an favè pou ajoute yon 6èm ane nan lekòl la.
- Haven Jones, rezidan nan Jamaica Plain, pwofesè nan Boston Community Leadership Academy-McCormack School, te temwanye konsènan renovasyon ak demenajman sou kanpous Columbia Point lan.
- Monique Symes, rezidan nan Dorchester, pwofesè nan Boston Community Leadership Academy-McCormack School, te temwanye konsènan renovasyon ak demenajman sou kanpous Columbia Point lan.
- Michael deJong, rezidan nan East Boston, paran nan Alighieri Montessori School, te temwanye an favè pou retire pwen bonis 10-pwen an pou elèv ki frekante lekòl povrete elve ki fè pati politik admisyon nan lekòl egzamen yo.
- Avery Saulnier de Reyes, rezidan nan Roxbury, paran nan Mission Hill K-8, te temwanye konsènan mezi distri yo nan lekòl la.
- Sarah Barnat, rezidan nan East Boston, paran nan Alighieri Montessori School, te temwanye an favè pou retire pwen bonis 10-pwen an pou elèv ki frekante lekòl povrete elve ki fè pati politik admisyon nan lekòl egzamen yo.
- Erin McManus, rezidan nan Jamaica Plain, enfimyè BPS, te temwanye konsènan tès gwoupe COVID yo ak rechèch kontak yo.
- Colleen Wiggins, rezidan nan Jamaica Plain, enfimyè BPS, te temwanye konsènan tès gwoupe COVID yo ak rechèch kontak yo.
- Nathaniel Adams, rezidan nan West Roxbury, te temwanye konsènan similasyon admisyon nan lekòl egzamen yo.
- Doktè Sheneal Parker, rezidan nan Fenway, administratè Henderson Inclusion School, te temwanye konsènan pou bay kominote lekòl yo sipò sosyo-emosyonèl.
- Allison Cox, rezidan nan Jamaica Plain, paran nan Mission Hill K-8, te temwanye konsènan pou egzamine ijans lekòl la ak kominikasyon sou COVID-19.
- Tania Del Rio, rezidan nan East Boston, paran nan Alighieri Montessori School, te temwanye an favè pou retire pwen bonis 10-pwen an pou elèv ki frekante lekòl povrete elve ki fè pati politik admisyon nan lekòl egzamen yo.
- Danielle Emond, rezidan nan East Boston, paran nan Alighieri Montessori School, te temwanye an favè pou retire pwen bonis 10-pwen an pou elèv ki frekante lekòl povrete elve ki fè pati politik admisyon nan lekòl egzamen yo.

RAPÒ

Antant Negosyasyon Kolektiv Pwovizwa Ant Komite Lekòl Boston nan ak Administrative Guild, SEIU Local 888 - Direktris Adjwen Kapital Imen an, Raecia Catchings, te prezante yon brèf apèsi yon pwotokòl akò pwovizwa ant Komite Lekòl la ak Administrative Guild, SEIU Local 888. Vil antye Boston ap sibi yon transfòmasyon ki konsène fason li transmèt sèvis resous imèn yo ak anplwaye li yo. Pwojè sa refere komineman ak pwojè Transfòmasyon HR epi mande tranzisyon tout fonksyon Resous Imèn Vil yo vè yon modèl sèvis pataje. Aprè plizyè jou negosyasyon enpak avèk Biwo Lidèchip Guild Kapital Imen, pati yo te dakò ak sa ki swiv yo (an rezime):

- Pozisyon Guild nan Biwo Kapital Imen pral rive restriktire pou adapte nan yon wol Nivo I oubyen Nivo II epi tout pral rive elve nan yon echèl salè Klas 32.
- Pati yo dakò pou anplwaye ki aktyèlman nan pòs resepsyonis aktyèl la pral konvèti tèt li an wol Reprezantan Sèvis Kliyan men dwe fonksyone kòm resepsyonis jiska lansman an.
- Ekip Santral Ranplasman p'ap genyen yon manm guild ankò ki afekte ak ekip la. Dirleksyon an pral finalize atribisyon FTE ki rete yo.
- Sant Sèvis Pataje OHC yo (OHC Shared Services Center) pral genyen omwen de (2) Reprezantan Sèvis Kliyan, ant 8:00 AM ak 5:00 PM. Yo pral travay 7 èdtan pa jou epi pral resevwa yon èdtan repa peye. Anplis, yo dakò pou yo renonse ak poz 15 minit yo a epi rekonèt yo pral ajoute (15) minit adisyonèl nan orè yo a.
- Anplis, anplwaye HR Nivo I oubyen Nivo II Guild yo pral resevwa yon (1) Jounen Pèsonèl adisyonèl olye pou yo renonse ak liberasyon antisipe 16:45 pandan lè swivan yo: nan Vandredi yo pandan mwa Jiyè ak Out, ak nan tout jounen travay ant jou Nwèl ak Jou Nouvèl Ane a.

Akò a konsène nèf anplwaye epi pa genyen okenn ensidans bidjetè.

ELEMAN AKSYON

Apwouve - Sou apèl nominal, Komite Lekòl Boston nan te vote nan yon sèl sans pou kenbe yon pwotokòl akò ant Komite Lekòl Boston nan ak Administrative Guild, SEIU Local 888 soti 1ye Septanm 2017 jiska 31 Out 2020.

RAPÒ

Mizajou Mizannèy Politik MassCore a- Christine Landry, Sirentandan Adjwen, Biwo Akademik ak Aprantisaj Pwofesyonèl, te prezante yon mizajou sou mizannèy politik obtansyon diplòm MassCore nan Distri a.

Nan Me 2021, Komite Lekòl la te adopte yon politik MassCore ki:

- Founi yon pwogram etid klè pou klas 2026 ak odela
- Founi Klarite ak transparans sou egzijans pou gradyasyon nan BPS
- Elve rigè a pandan n ap kenbe fleksibilite nan kèk lekòl
- Defini atant pou tout elèv diplome yo prepare pou inivèsite, karyè, ak lavi
- Pwiorize fèmèn eka ki genyen ant elèv Blan ak elèv Azyatik yo ak elèv Nwa, Latino, EL, ak elèv bezwen espesyal yo nan % reyalizasyon kou MassCore yo
- Soutni estrateji pi laj pou rekonsevwa lekòl segondè BPS la

Jiska dat, BPS te operasyonnalize politik la pou ogmante aksè ak ekite nan:

- Fè patenarya avèk Mass Insight, distri a ak Chèf Etablisman yo te konsantre sou MassCore nan kat domèn kle:
 - Aprenan Miltileng yo

- Elèv ki Gen Andikap
- Ansèyman Teknik Pwofesyonèl (Career Technical Education, CTE)
- Edikasyon Altènatif

- Abòde pwoblèm ak ekite imedya:
 - Kredite aktif lengwistik yo
 - Kredite enplikasyon espòtif yo

- Piblikasyon oryantasyon klè sou opsyon kou debaz yo nan chwa MassCore

Chèf distri yo ap travay avèk chèf etablisman yo pou pwograme divès opsyon pou lekòl yo Madam Landry te dekri pwochen etap kle, ki genyen ladan yo Finalizasyon Kad la (Nov. 2021); Revizyon Lekòl yo (Des. 2021); Preparasyon pou Manje Midi (Jan - Jen 2022); ak lansman klas 9èm ane (Sept. 2022).

Doktè Coleman te felisite adopsyon MassCore kòm yon estrateji pou elaji opòtinite wot kalite yo nan distri a. Li te pale sou enpòtans kritik pou prepare elèv 7èm ak 8èm ane yo pou lekòl segondè epi te mande kòmman distri a ap abòde travay sa. Sirentandan te esplike travay distri a ki konsantre sou klas pre-k-3èm ane, 4yèm-6yèm ane, ak 7èm-8èm ane, ki enkòpore divès pratik ki kiltirèlman ak lengwistikman dirab nan tout nivo yo. Madam Landry te esplike kòmman BPS ap itilize premye sistèm endikatè yo nan nivo klas lekòl primè epi bay elèv klas 9èm ane yo avèk plan endividyalize ak sipò gid. Doktè Coleman te soulinye enpòtans estrateji konfigirasyon klas distri yo pou soutni travay sa.

Mesye DeAraujo te poze kesyon sou sa ki livrab yo y ap ret tann nan Desanm. Madam Landry te esplike distri a ak chèf etablisman yo pral òganize reyinyon kolaboratif akademik yo pou tout lekòl segondè yo. Mesye DeAraujo te mande pou Komite a resevwa mizajou peryodik sou mizannèv politik MassCore.

Mesye O'Neill te felisite apwòch reflechi ekip pou travay kritik la.

Mesye Robinson te mande kòmman BPS ap ede prepare pou tranzisyon vè MassCore. Madam Landry te pale sou katalòg kou an liy distri a ap mete a disponib. Chèf yo pral òganize tou reyinyon yo avèk fanmi 8èm ane ak ede elèv yo fè yon plan sezon lete. Sirentandan te deklare li t ap chache investi davantaj nan divès konseye nan pwochen bidjè pou soutni elèv primè ak segondè yo akademikman. Li te ajoute ke politik la ofri yon fleksibilite ak Aprenan Anglè yo ak elèv yo sou Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Programs, IEP).

Madam Robinson te mande kòmman MassCore konekte avèk pwogram etid International Baccalaureate (IB). Madam Landry te esplike kòmman chèf distri yo ap kolabore avèk chèf etablisman yo nan Quincy Upper ak Snowden pou alinye kou yo ak pote divès modifikasyon nan kodaj. Doktè Echelson te deklare de pwogram etid yo kapab konplete youn lòt, ajoute ke chèf distri yo pral travay avèk chak lekòl endividyèl pou devlope yon katalòg kou.

Madam Robinson te mande kòmman MassCore fè konekte ak Campus Without Walls. Sirentandan te pale sou enpòtans pou finalize katalòg kou anliy lan nan objektif pou founi elèv yo aprantisaj nenpòt lè.

KOMANTÈ PIBLIK LA SOU RAPÒ YO

Pa t genyen.

NOUVO BIZNIS

Pa t genyen.

FINI

Ozanviwon 09:27 pm, Komite a te vote a inanimite, pa yon apèl nominal, pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif